

**Pwojè Defans
Legal pou Sanzabri yo**

Objektif Pwojè Defans Legal pou Sanzabri yo ki se yon pwojè *Legal Services of Greater Miami, Inc. (LSGMI)* se pou reprezante kliyan ki sanzabri yo nan koze legal sivil. Nou jwenn finansman a travè yon sibvansyon ki soti nan Kont pou Sanzabri yo, epi nou founi reprezantasyon legal pou kliyan ki pa gen kote pou yo rete kounye a ansanm ak sa yo k ap viv nan lokal pou moun ki pa gen kote pou yo rete.

LSGMI pran enfòmasyon preliminè chak de semèn nan toude Sant Asistans pou Sanzabri yo (HACs). Epitou fè antrevi ak kliyan yo nan lòt ajans pou Sanzabri. Anplis de sa, nou òganize seyans edikasyon kominotè pou kliyan sanzabri yo ansanm ak manadjè ka yo konsènan kesyon legal.

Menm si nou pa kapab ede w avèk yon pwoblèm legal, li posib pou nou refere w ba lòt ajans ki kapab ede w.

BIWO PRENSIPAL LA
3000 Biscayne Boulevard, Suite 500
Miami, Florida 33137
Phone: (305) 576-0080
Orè pou Antrevi Preliminè yo
9:00am rive pou 1:00pm
Lendi rive pou Jedi

SOUTH DADE LAW CENTER
11285 SW 211 Street, Suite 302
Miami, Florida 33189
Phone: (305) 232-9680
Orè pou Antrevi Preliminè yo
9:15-11:30am & 1:15-4:00 pm
Lendi rive pou Vandredi

Lòt Lokal kote yo fè Antrevi Preliminè yo:
(Tanpri rele pou orè antrevi yo)

Florida City Neighborhood Center
1600 NW 6 Court
Florida City, FL 33034
305-247-2068

**LEGAL SERVICES OF
GREATER MIAMI, INC.**



**Pwojè
Defans Legal
Pou Sanzabri yo**

Angajman Pasyonèl pou Jistis
Egal Ego pou Tout Moun
www.lsgmi.org

Biwo Prensipal
305-576-0080

South Dade
305-232-9680

**Pwojè sa finanse an pati pa
Konte Miami Dade.**



Koupon pou Manje (Foodstamps)

Èske yo rejte aplikasyon foudstemp ou yo?

Si w abite nan yon mezon pou sanzabri oswa nan yon lojman tranzisyonèl, ou kapab toujou resevwa foudstemp. Yon sèl moun kapab resevwa yon maksimòm \$200 pa mwa nan foudstemp.

Asistans Kash (TANF)

Èske ou resevwa asistans kash?

Si ou gen timoun, ou kapab aplike pou asistans kash nan Depatman ki okipe li de Timoun ak Fanmi yo.

Enfimite Sekirite Sosyal/SSI

Èske yo te rejte aplikasyon Ssi ou a?

Si Sosyal te refize ba w benefis kòm moun ki enfim oswa SSI (Revni Sekirite Siplemanète), ou kapab mande yon rekonsiderasyon oswa yon odyans pou w fè apèl a desizyon sa a. Yon apèl dwe fèt nan yon delè 60 jou a pati dat yo te ba w refi a.

Edikasyon Espesyal

Èske pitit ou gen pwoblèm lekòl?

Pitit ou ta dwe resevwa èd li bezwen an pou li travay byen lekòl.

Mediked

Èske ou resevwa Mediked?

Si w gen 65kan oswa si w pi gran ke sa, si w enfim, oswa ou nan yon fanmi ki gen timoun, ou kapab aplike pou Mediked nan Depatman ki okipe li de Timoun ak Fanmi yo.

Travay

Èske ou pèdi travay ou?

Si ou pèdi travay, ou ta dwe aplike pou konpansasyon chomaj nan Sant Karyè One Stop ki nan zòn ou a. Si yo refize ba w benefis pou konpansasyon chomaj la, ou gen yon delè 20 jou a pati dat refi a pou w k ab fè apèl a desizyon sa a.

Taks

Èske ou te resevwa yon avi nan men IRS?

Li posib ke nou kapab ede w fè yon aranjman pou w peye pa bon oswa jwenn yon aranjman pou w regle dèt ou a pou mwens ke sa ou dwe.

Pran Swen yon Fanmi

Èske w ap pran swen pitit yon fanmi ou men ou pa kapab jwenn èd oswa oswa jwenn sèvis pou yo?

Li posib ke nou kapab ede w jwenn gad tanporè pou pitit fanmi ou a.

Transpòtasyon pou Lekòl

Èske ou vle pitit ou rete nan lekòl yo te ye a anvan ou te vin yon sanzabri?

Timoun ki pa gen kay pou yo rete gen dwa rete nan lekòl yo te ye a anvan yo te vin pa gen kote pou yo te rete. Distri Lekòl a responsab pou bay transpòtasyon pou ale lekòl.

Benefits Piblik

Èske yo retire nan benefis piblik ou yo, èske yo sispann yo oswa refize ba w yo?

Ou gen dwa pou w fè apèl a desizyon sa yo. Tanpri kontakte Legal Services of Greater Miami, Inc. pou plis asistans.

Nou founi lòt sèvis legal an plis de sa ki nan lis ki anlè a la a. Pa ekzanp, nou jere ka kote y ap mete moun deyò nan kay ak pwoblèm dwa familyal. Si w gen yon pwoblèm legal sivil epi ou bezwen konsèy legal, tanpri vizite biwo nou pandan lè nou fè antrevi preliminè yo.

Tanpri sonje pou w vini at tout avi, lèt ak dokiman ki gen rapò ak pwoblèm legal ou a lè ou vin vizite nou.